

VYOLANS SEKSYÈL AK VYOLANS KI BAZE SOU SEKS MOUN NAN POTOPRENS

## SENTÈZ RAPÒ A

**Fanm ak tifi nan peyi Dayiti ap viv nan yon kondisyon malouk.** Vyolans sou tout fòm ak anpil moun nan popilasyon an ki kite kay yo ak zòn yo vin rann kriz imanite a pi grav. Nan yon kontèks kote gwoup ak zam yo ap afwonte fòs lòd yo pou kontwòl teritwa ak lòt enfrastrikti ki enpòtan yo, fanm ak tifi ap fè fas ak agresyon vyolan. Depi 2022, nou remake zak vyolans seksyèl pa sispann ogmante epi vin tankou yon bagay ki nòmal, sitou yo itilize sa pou simen laperèz nan mitan popilasyon an. Nan Pòtoprens, vyolans sa yo rive pandan enstitisyon, sèvis piblik ak kondisyon lavi moun pa sispann degrade aprè plizyè lane konfli. Anpil sivivan/viktim\* pa jwenn swen yo merite, yo oblije deplase kite kay yo oswa yo sibi anpil move tretman pou yo ka jwenn èd pou yon lavi miyò.

Se nan kontèks sa MSF ap ofri sèvis li yo nan klinik *Pran Men'm* nan Pòtoprens. Nou ofri swen medikal ak swen sikososyal konplè gratis pou moun ki sibi vyolans seksyèl ak lòt fòm vyolans ki baze sou sèks moun. Klinik lan louvri nan lane 2015, se te yon veritab soulajman pou sivivan yo. Nan lane 2025, 16 999 moun te resevwa bon jan swen, pami yo 98% se fanm ak tifi. Depi 2022, kantite sa vin twa fwa plis, epi kondisyon yo vin pi mal pou sivivan yo ansanm ak founisè sèvis yo akòz kontèks ensekirite a ki vin pi grav.

MSF pa ka rete bra kwaze devan nivo vyolans sa li obsève nan peyi Dayiti. Pami sivivan ki te resevwa swen nan *Pran Men'm* depi 2022, 57% nan sivivan yo sibi anba men manm gwoup ak zam yo. Souvan, se plizyè moun ki fè agresyon yo. Plis pase yon santèn pasyan te deklare se 10 moun oswa plis ki te atake yo nan menm moman an. Anplis, agresè yo souvan itilize zam nan kad atak ki vize fanmi oswa tout yon kominote. Yo vize fanm ak tifi tout laj, epi kantite sivivan ki deplase yo vin ogmante, sa ki ekspozè yo plis ak vyolans, lamizè, sitou yo pa gen kote pou yo rete. Prèske 1/5 nan sivivan ki resevwa swen nan *Pran Men'm* yo te sibi tip vyolans sa yo plizyè fwa.

Klinik *Pran Men'm* se youn nan enstitisyon ki ofri swen medikal ak sikososyal konplè epi gratis nan Pòtoprens, men li pa ka mennen konba sa poukont li. An reyalyite, èd pou sivivan yo, espesyalman swen ak lòt sèvis bazik yo pa ase, ni pou swen aprè agresyon ni pou suivi ki mande anpil tan. MSF pa toujou gen posiblite ak mwayen pou oryante sivivan yo nan èd ki pa medikal esansyèl tankou kay kote yo ka ale ki an sekirite, relokalizasyon oswa èd pou rive jwenn manje, ki se yon eleman kle nan kad swen konplè. Jwenn yon kote pou oryante sivivan yo pa fasil ditou akòz enstitisyon ki la pou sa yo gen gwo pwoblèm finans, sa ki fè yo pa ka akeyi fanm ki ansent, fanm ki gen timoun, ak sivivan yo ki souvan gen pwoblèm sante.

Moun ki fin sibi vyolans sa yo ap fè fas ak yon sityasyon ki ka gen konsekans medikal grav. Depi 2022, sèlman 1/3 nan moun ki siviv yo ki te konsilte nan klinik *Pran Men'm* te rive nan klinik la nan 3 jou apre agresyon yo, epi sèlman 41% nan yo te rive sou 5 jou. Konsa, 67% nan yo pa t kapab anpeche transmisyon VIH epi 59% pa t kapab evite gwosès ki pa planifye. Reta sa yo gen rapò ak plizyè faktè, tankou lapèrèz, estigmatizasyon, difikilte finansyèl, ensekirite ak enfòmasyon yo pa jwenn.

Kòm rapò sa montre li byen klè, ekip MSF ki sou teren an temwen vyolans seksyèl ak lòt fòm vyolans ki baze sou sèks moun gen gwo konsekans. Se poutèt sa, MSF ap fè yon apèl ijans pou yon repons serye epi byen òganize kote gouvènman ayisyen an ak lòt aktè ki nan domèn nan ak sila yo k ap bay finansman yo, ajans Nasyon Zini yo, plis enstans ki responsab pou asire sekirite popilasyon ayisyen lan. **Nou mande pou respekte dwa ak diyite moun yo, pou responsab yo rann kont pou move zak yo, pou sipòte sivivan yo, epi nou egzije mezi konkrè pou reponn ak bezwen k ap ogmante pi plis nan sa ki konsène aksè swen ak sèvis èd nan peryòd kritik sa.**



Telechaje rapò  
konplè a an franse

\* Sivivan : Tèm sa refere ak moun ki te fè eksperyans vyolans seksyèl, li mete aksan sou rezistans ak libète yo. Majorite moun yo te konsilte pou rapò sa ki te fè eksperyans vyolans seksyèl baze sou sèks moun te prefere yo wè yo kòm "sivivan". Sepandan, se pa tout moun ki fè eksperyans vyolans seksyèl baze sou sèks moun ki siviv atak yo. Mete sou sa, gen lòt mo yo ka itilize tou, tankou "viktim".